

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetaw
kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris;
(apes: f 1.25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa
pis, oetawi moendoet dados lengganan,
tepang rembag roemijin kalijan admini
stratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

DAWOEH SAKING
INKANG WITJAKSANA.

Bab pétangan djiwa.

Ingkang Witjaksana Goernadoer Djéndral de Graeff, andawoehaken dateng sadaja tijang ing Indonesia, katinimangsan wonten Betawi tanggal 29 Juli 1930 kados ing ngandap poenika:

"Ing sadjroné sasi September lan October ing taoen iki, ing sakoe-koeban Indija - Nederland bakal di-anakaké Petoengan djiwa.

Petoengan iki bakal bisa mènèhi banda boekti-boekti kang migoenani banget marang kawroeh tanah lan bangsa.

Ing ngendi-endi bakal ana djoeroe pétoeng angleboni saben omah, njateti wangsoelangit pitakan-pitakan kang bakal koedoe ditakokaké. Anggona tjetjewis woes kepara soewé; lan soepaja pétoengan maoe bisa kasembadan, nganggo ngetokaké doewit akéh banget, apadéné andja-loek baoené wong mæwoe-éwoe.

Organisatie-né hija woes tjoemepak; nanging baue lan waragad maoe bakal tanpa goena, manawa saben wong ora mènèhi katrangan prakara kang tinakokaké, kanti lega, tanpa was lan soemelang.

Kang ikoe, Paréntah moendoet temenan, soepaja kabeh baé sing doedoenoeng ing kéné, pada ambi-jantoe ing sakewagangé amrih kaledasané pagawéjan iki kalawan betjik, kang ora doewé gagajoehan lija kadjabo moeng kanggo preloe-ning oemoem."

Koela pitados bilih dawohipoen Ingkang Witjaksana poenika badé dipoen-gatosaken tetijang ngriki sa-daja.

PRADJA RAHAJOE.

OPVOEDINGSBELASTING.

(Paos pangadjaran).

Kados para maos temtoe taksih sami kagoengan lelamoekan panggalihan bab prakawis, "Opvoedingsbelasting" swanten ingkang ndados-aken gondjinging djagad pers Indo-nésia.

Rembag kasboet nginggil sampoen saestoe karembag wonten ing "gedong bitjara ing Pedjambon," katingal ramé. Tjobi koela ringkesaken wosing rembag saking afdeelings-verslag, saha koela èmbèl - èmbèl sawatawis kados-poendi pamanggih koela menggahing bab kasboet nginggil.

a. Sawatawis warga tegen lan wontenipoen pranatan Opvoedingsbelasting — djalaran na-moeng badé mlinderaken poendaking kawoela ingkang sampoen rempje — rempje mbajar paos! Prakawis ngindakken paos kedah kasirik!

Trenggana — Bravo sanget kalijan pamanggih poenika! Bravo — Bravo!!

b. Sawatawis warga boten najo-gjani kersanipoen pamaréntah ngawonten paos pengadjaran, djer koewatos jén hak pengadjaran waoe ladjeng dados hak koewadibjianing pamaréntah ingkang tetep, ingkang sadja-tosipoen pamaréntah dateng babagan poenika namoeng njam-peti kekiranganing kabetahan-ipoen kawoela.

Kasinggihan sanget prijantoe! Langkoeng-langkoeng jén babagan

SWARA-TAMA
SERAT KABAR KATHOLIEK
Medal saben dinten Djoemoewah.

=====

kasboet nginggil, kasawang mawi katja mripat Katholieke, mawi katja mripat Kath. Staatsidee' ingkang gadah kajakinan bilih hak nggoelawentah makaten doemoenoeng wonten ing brajat! Wontenipoen atoeran Opvoedingsbelasting nggampilaken wontening raos, kados - kados pamaréntah setengah meksa njekolah-aken anak - anak kita wonten ing pamoelangan negari ingkang adedasar "neutraal!" Basa "nggampilaken wonten ing raos", boten sami kalijan "genah", djer koela pitados bilih sanadjan negari ngawontenaken atoeran paos pengadjaran, temtoe oegi boten ngawisi wontenipoen Confessionele onderwijs oetawi pamoelangan - pa-moelangan partikelir sanèsipoen!!

c. Wontenipoen atoeran Opvoedingsbelasting saged nglembe-aken oetawinggalang-alangi kamadjenganing particuliere initiatief ingkang saking sakedik saged ngawontenaken pamoe-langan pijambak!!

Leres sanget!!

Bokmanawi wonten ingkang badé ndébat "sing perloe rak anané pamoeelangan," ora perdoeli sapa sing jasa — emboeh negara — emboeh particulier. O, boten makaten pri-jantoe! Èngeta bilih pamoelangan negari mekaten kedah adedasar "neutraal!" Kanggé sapéranganing kawoela ngemohi dateng dedasar neutraal waoe; ankipoen wiwit alit badé kaguela-wentah mawi dedasar ingkang dipoen-géndoli; kados wontenipoen Confessionele onderwijs! Kaoem Katholieke njekolahaken ing pamoelangan Katholieke — Protestant — Ingkang Protestant — M.D. ing M.D. lan sapanoenggilanipoen.

Dados "particulier initiatief" perloe dipoen-sokong — dipoen-bombong — sampoen ngantos dipoen-lembék-aken dajanipoen!!

Pamaréntah koewadibjian ndjagi dateng kabetahaning para golong-golongan ra'jat ingkang boten sami kaantepanipoen waoe!

d. Kaggéniopen pamoeelangan particulier ingkang dèrèng angsal subsidie, wontenipoen atoeran Opvoedingsbelasting damel pitoena ageng sanget, djalaran boten saged narik bajaran sekolah kanggé soembang - soe-roenging wragad.

Mila makaten!

Mangka terkadang ngantos tet-hoenaan dèrèng angsal subsidie! Sinten ingkang badé njanggil! Leres oepami mangé sasampoening angsal subsidie — ragad-ragad badé wang-soel; nanging sadérèngipoen . . . ? Poenapa inggih ladjeng narik bajaran kados déné oesoelipon para warga ingkang njaroedjoeki wontenipoen paos pangadjaran! Ach — saja rempje — rempje; wis mbajar opvoedingsbelasting djééééé . . . ?

La poenapa ladjeng . . . jén ora sembada ja adja nganakaké . . . ; jén njat nganakaké ja sing sembada pisan.

O — gawat prijantoe! Jén makaten tenéh nglelema wontenipoen kaeom "non," mangka pamaréntah kagoeganing kersa badé memoelih pian-deling kawoela.

Saja jén ngéngeti atoer koela ing c.

Kados - poendi jén makaten poenika?? Poenapa badé katata ingkang saé sanget, boten damel pitoenaning sadaja golongan?? Kados - poendi pranatanipoen??

Neutrale Holl. Inl. School Bodjonegoro

betah goeroe 2 wedalan saking Kweek-

school (sampoen practijk 1 taoen oet.

nembé medal saking pamoeelangan).

Blandja noeroet atoeran Goepermèn.

Serat lamaran kakintoena dateng Ke-

pala sekolah.

e. Jén wonten Opvoedingsbelasting — logiesch-ipoen inggih kedah wonten atoeran "leerplicht" soepados ra'jat saged ngraos-aken anggénipoen sampoen sami nama toemoet oeroen mbajar déwa "BELASTING."

Mila inggih kedah makaten! Bokmanawi pamaréntah ing sasaged-sagedipoen ngawontenaken atoeran "leerplicht" étok-étokan — jén boten kadamel tenanan, inggih nama kirang matoek kalijan nama sampoen damel atoeran Opvoedingsbelasting!

Atoer koela "leerplicht" temenan-nan! Tegepsi . . . jén wonten tijang boten poeroen njekolahaken anakipoen "dipoen HOEKÖEM," makaten poenika matoekipoen.

Nanging poenapa kawoela sapoenika sampoen wantjinipoen kawon-tenaken atoeran "leerplicht?" kados kadjeng koela poenika?

Kalijan malih oepami sampoen saged Kawontenaken leerplicht kados kasboet nginggil; temtoenipoen pamaréntah ladjeng kapeke jasa sekolah malih pinten-pinten hë-woe tjtahipoen — mbajar goeroe — pinten-pinten hëwoe malih!! Mana oeangnya dong!! Kas te kort looo??

Poenika alas-alasan ingkan kadjengaken déning para warga ingkang boten najogjani kersanining pamaréntah bab wontenipoen "Opvoedingsbelasting." Sapoenika kanggé ingkang ngroedjoeki temtoenipoen inggih moelas - mida opvoedingsbelasting — soepados kettingal manis — padjeng wonten . . . peken Indonésia!

Manoet pamanggihipoen warga ingkang notjogi bab Opvoedingsbelasting waoe, kaentoengan negari badé langkoeng ageng timbang rekaosipoen. Wonten pamanggih ingkang "wah . . . djempol"

i. p. kanggé sekolahán' particulier ingkang dèrèng angsal subsidie, kanggé soembang soeroenging wragad, kenging narik "extra belasting" Wé — la saja déjék-déjék — HAPA — PAJOE ??

Tjekak - tjekak; wontenipoen oetoesan Opvoedingsbelasting — Trenggana boten asésé sanget!!

Para sadérèk !!

Jén koela manah-manah lampahing Onderwijs ing tanah Indonesia, NEGELOE — MOEMET — sisah koela — Kok léléé pating blandit — oepong-oebeng — angél tjekel-tjekel — angél patok-patokané. Wontenipoen eindconclusie H.I.O. Commissie sampoen meksa kita poe-traning Iboe Indonesia MELÉK ingkang WIJAR — Rembag opvoedingsbelasting — moemetaken sirah — sapoenika mak bedoenges — H.I.S. — H.C.S. wonten swanten badé kasoewak, kagantos Algemeene Indiesche School — ingkang langkoeng mirah wragadiopoen — H.I.S. — H.C.S. jén rembag poenika kampi tjalon kenging sesakit! E.L.S. panggah sahadja!!

Para maos!

Koela atoeri manggalih ingkang jekotsan atoer koela poenika !!

O — Indonesia, begdja temen kowé!

O — nggér — anakkoe — dadi apa kowé bésok ?

Éé, ééé — katik sadjak memelas! Para sadérèk !

Wontenipoen rembag TÈK-TÈK BENGÈK ingkang moeroegaken moe-met waoe sadaja, saestoenipoen oeger kita poeroen ngraosaken sa-jektos — raboek kanggé kita — soe-pados kita tjékat — tjéké nandangi "Onderwijsacie" samanten waoe jén kita pantjén gadah njat kepéngin nandangi bab poenika; makaten oegi kepéngin njamboet damel kanggé oemoem; kanggé bangsa Indo-nésia!

Mangga P.P.K.D. — P.K.W. — P.W. K. tják-tjék — ingkang poenika sampoen ngentosi — ngantoe-antoe.

Mangga sadaja in actie !!

Wonten toelada bregas; Sinten badé niroe?

Pandoe² I.N.P.O. — P.K.P.A.S. — H.W. enz. ing Soerakerta saged njamboet damel sesarengan ten bate voor de Mulo Taman Siswa ingkang badé kaedegaken ing Soerakerta!

Mangga K.P.B. — Moeda Katholieke Mataram Magelang — Tooneelclub — K.W. K.W. — W.K.W.K. — P.P.K.D. — in actiel!

Enget — P.P.K.D. Madioen — Medari sampoen saged toemandang — poena-pa sanès panggénan badé mlempem?

Indonesiers! FACTA NON VERBA kedah dados tjita-tjita kita!

Boekitanlah idam-idamanmoe!

Toendjoekanlah ksatrianmoe sebagai poeta Katholieke Indonesia!

Koerbankanlah tenagomeo!

TRENGGANA.

LARAS ATI.

SALIB AWROT INGKANG DADOS SESANGGENING PARA ZUSTER LAN RAMA PASTOER PAMONGING MOERID INTERNAAT.

Kita para dwidja kokoeng (poetri) ingkang katah-katah temtoe sampoen ngraosaken gesang wonten ing internata.

Inkang badé koela oréhaken poenika, sanès Kawontenaning laré ing internata, nanging salib awrat ingkang dados sesanggening para Zuster ingkang momong moerid-moerid ing internata; awit poenika ingkang sampoen koela alami (koela sipati).

Pandjeneng sedaja temtoe katah ingkang sampoen njipati, oetawi ngalami, alitipoen saged nginten-ninginten, sepinten awrating sesanggenipoen tijang ingkang pinitados ndjagi laré éstri katah toer sampoen sami diwaswa, njaékan kelakoewan-ipoen, sarta ndjagi sampoen ngantos alampah awon.

Ing wantji daloe jén laré-laré sami tilem, dipoen-djagi déning Zuster satoenggal oetawi langkoeng, sampoen ngantos sami omong-omongan, oetawi ndjalarai kantjanipoen boten saged tilem.

Tanginipoen dipoen-gigah, ladjeng dateng ndjamban, dipoenirid dateng Grédja, dalasan dolan oetawi lamlam-pah-lamlampah inggih boten dipoen-tégakaken. Saben dinten laré-laré sami tampil piwoelang, langkoeng-langkoeng pamerdi lan toelada saé, lan ginagoelang moerih saéning gesangipoen bêndjing jén sampoen medal.

Mangsanipoen mèh ngedalaken laré ingkang margi tamat pasinaipoen, boten kendat mitoetoeri lan ngéngetaken sampoen ngantos nilari oetawi damel tjap awon dateng ti-las sekolahaniipoen, malah sageda dados tetoeladan ing gesangipoen, langkoeng-langkoeng ndjebaraken kraton Dalem kanti tetoeladan sembahjanan lan piwoelang, sarta males katesnan sarana lampah.

Gendari Manah.

SRIKANDI - SRIKANDI INDONESIA ING SOERAKARTA TOEMANDANG DAMEL!!

(Saking pembantoe Sw. Tm. pijam-bak).

Dinten Ngahad tg. 27-7-'30 P.P. I.I. afd. Soerakarta ingkang kadasan saking pakempanan: W.K. — Aisijah — Santjaja Rini ngwontenaken parepatan oemoem kanggé pri-jantoe poetri toewin para ingkang ingoeleman. Manggén ing Habipraka. Kadatengen ing 土 tijang 400 kokoeng poetri Wakil pakempanan-pakempanan ingkang dateng "K.W. — P.P.K.D. — W.K. — P.K.W. — Aisijah — Santjaja Rini — J.I.B. — I.M. — H.B. B.O. — B.O. afd. Solo — P.M.S. — H.B. P.N.S. — P.N. S. tjabang Solo — Gesabdop Mardibasa — Habiprojo — Kridowatjono C.P.C.S. I.s.p. Wakil pers: S.K. — Sw.Tm. — Bendee — D.K. — Bromastani — Keng Po — Natio-naal!!

Manoet Agenda ingkang karembag: a) Pambikakan déning pangarsa! Wonten ing voorrede pangarsa medaraken bedanipan wanita djaman samangké lan djaman roemijin. Wanita djaman samangké makaten boten namoeng koewadibjian ngoeroes balé grija, nanging oegi toemoet laboeh dateng oemoem, moerih saéning gesang bebrajan. Tangineng para wanita waoe babar pisan boten badé "nandingi" para kokoeng; nanging mligi badé noetoeti kadjenging dja-man.

b) Sesorahipoen wakil Aisijah sad. Njai Demang Soekati atitel: "Sipat-ing mitra darmá". Lezing waoe saé sanget; pants kita gatosakan! Kerowanen sanget jén koela serata sadaja; namoeng pandjenengen sadaja saged ngoekoer sapinten inggiling pei sesorah waoe kanti menggalih oengel-oengelan ing ngandap poenika, ingkang kateranganan déning sprekster kanti pandjang lébar sanget: i. p.

SAKING PAKEMPALAN.

JAARVERSLAG VAN LITH-STICHTING.

Ing taen poenika Van Lith-Stichting dèrèng ngwontenaken jaarverslag; awit wiwitpoen madeg tanggal 15 Augustus 1929.

Bab Pangreh.

Ingkang katetepaken dados wawakiling Kangdjeng Bisschop ing Betawi nalika tanggal 15 Augustus 1929, inggih poenika: Rama J. van Baal, Rector Xaverius - College Moentilan.

Sarehne Rama J. van Baal tindak dateng Europa, Kangdjeng Bisschop netepaken we-wakilipoen, inggih poenika: Rama Th. L. C. Cox nalika tanggal 21 September 1929.

Ingkang dipointepaken dados Pangreh V. L. S. nalika tanggal 17 Augustus 1930, inggih poenika:

1. Directeur: F. S. Harjadi.
2. Secretaris: C. Mochamad.
3. Penningmeester: R. M. F. S. Poerbadibrata.
4. Lid-lid: R. J. Djajaadja.
- R. M. F. Soerjamoersandi.

Bab Warga.

Nalika madegipoen V. L. S. tanggal 15 Augustus 1929, prijantoeing ingkang saé dados warga samangsa Stichting madeg, wonten 207, warga tansah mindak-mindak, sapaenika sampoen wonten 475.

Bab parepatan.

Pangreh ngwontenaken parepatan kapung kalah:

1. Tanggal 17 - 18 Augustus 1929 ing Xaverius - College Moentilan.
2. Tanggal 24 Augustus 1929 oegi ing Xaverius - College Moentilan.

Pangreh ngwontenaken pepanggihan ingkang boten dipointenggani wewakiling Kangdjeng Bisschop kapung 4.

Bab arta.

Kagebag ratjak melebet jatra saé, ± 90% nging contributie saged melebet. Sapérangan katitipaken Volkscreditbank Magelang mawi sareman 4%.

Goenggoeng arta ingkang melebet doemoe-gi tanggal 31 December 1929 wonten:

f 1030.435

Jatra ingkang medal f 174.695

Saldo f 855.74

Bab propaganda.

Mindaking warga sapérangan ageng mar-gi propaganda.

Propaganda kapérang dados kalah:

1. Sarana tijang.
2. Sarana advertentie ing Swara-Tama lan Soeara-Katholiek toewin serat.

V. L. S. gadah propagandabureau, woedjoepoен:

- | | |
|-------------|---------------------------|
| Voorzitter: | F. S. Harjadi. |
| Leden: | R. M. F. Soerjamoersandi. |
| | P. K. Hardjawasita. |
| | C. Mochamad. |

Propagandabureau damel propaganda:

1. Ing Soerakarta tanggal 31 Augustus 1930.

Voorzitter Propagandabureau nerakken toedjoening V. L. S.: warga mindak sa-watavis.

2. Ing Ngajodja.

3. Sadérèk P. K. Hardjawasita damel pro-paganda wonten ing Medari, Ngijdion, Doekeen lan sanès-sanésipoen. Bestuur V. L. S. matoer noewoen sanget dateng sadérèk P. K. Hardjawasita, déné sam-poen karsa ngoerbanaken salira kanggé V. L. S.

Propaganda sarana serat dateng K. W. Kalasan, K. W. Blitar, K. W. Malang, K. W. Soeraabia lan dateng sadérèk sanès-sanésipoen.

Margi advertenteing Swara-Tama lan Soeara-Katholiek katala sadérèk tebih, oegi ing sadjawining tanah Djawi, ing Bandoeng saged ngwontenaken kring.

Bab kringen.

Nalika parepatan Pangreh ingkang sapi-sanan, tanggal 17 - 18 Augustus 1929. Pangreh netepaken wonten kring 11, inggih poenika:

1. Moentilan 7. Cheribon
2. Magelang 8. Keboemén
3. Ambarawa 9. Djocja
4. Semarang 10. Solo
5. Tegal 11. Mendoet
6. Batang

Parepatan tanggal 24 Augustus 1930, ne-tapaken kring no. 12. i.p. Klaten.

Saking parajinipoen Zelator Cheribon, R. Padmawijaya, kring Cheribon dipointajali.

Ing salebetipoen taen 1929 kring V. L. S. mindak 3, inggih poenika:

- no. 13. Karanganjar
14. Bandoeng
7. Salatiga.

Bab Zelator.

Ingkang katetepaken dados zelator nali-ka parepatan tanggal 17 - 18 Augustus 1929 kanggé:

kring 1. R. M. F. Soerjamoersandi

2. C. Mochamad

3. R. M. L. Soeria-Baraoesida

4. E. S. Martawidagda

5. F. Djajasoemarta

6. F. Manganoesobrata

7. R. Padmawijaya

8. S. T. Sastracetama

9. R. M. J. Danawinata

10. R. S. Martawihardja

11. nalika samanten déréng wonten zelatoripoen. Pangreh kintoo se-rat dateng sadérèk I. S. Darmasoemarta. Prijantoeing waoe kersa dados zelator kring 11.

12. R. Sastrawinata.

Margi italing kring Cheribon R. Padmawijaya lèrh anggenipoen dados zelator.

Zelator sanesipoen:

kanggé kring 7. J. S. Hendrawarsita

13. R. J. Adiwardaja

14. E. Seto.

Zelator kring 2 lan 9, margi katah pa-damelanipoen dipeno-gantos F. K. Atmadja lan R. M. L. Jama.

Bab Serat.

Serat ingkang melebet lan medal katah, nangng namoeng wonten serat sawatavis ingkang pantes katjatet ing jaarverslag.

1. Saking sadérèk Florès: J. W. Fernandes, goeroes Schakelschool Ende.

Sadérèk Fernandez waoe neda dipoenkin-toeni Statuten lan H. R. Van Lith-Stichting

1. Nalika sira ladéni gelem roe-meksa awakira!

II. Jén sira tresnani nimbang!

III. Jén sira nandang kasoesahan gelem noeloengi kanti éklasing ati!

IV. Jén sira nandoekaké kabetjikan,

perlos badé kanggé ada-ada saémper V.L.S.

Sapoenikanipoen ing Florès sampoen won-ten stichting saémper Van Lith-Stichting.

2. a. Serat saking moerid H.I.S. Magelang.

b. saking sadérèk L. Jadran Djocja.

c. saking R. Soejitna Klaten.

Bab H. R.

Margi Rama Th. L. C. Cox gerah da-noge H. R. saprikinipoen dèréng saged dados.

Secretaris V. L. S.

PAREPATAN K. W. SOERAKARTA, 20-7-1930.

Djam 9,45 parepatan kabikak kados pada-tan.

1. Notulen kawaos, kaéwahan sakedik lajeng kaanggep absah.

II. Pakabaran:

1. Sadérèk Martawihardja pindah dateng Tinom.

2. Sadérèk Brataatmadja pindah dateng Ambarawa.

3. Serat² saking P. K. W.

Ingkang perloe katjatet saber Commata-tajara. Sadérèk: Hardjasasmita, sad. Atmapranata, sad. Nataboeda, sad. Marta-soedirdja sami kapidi dados warga Comm. kaseboet.

4. Serat saking sekolah Mardiwa, neda toeleg dateng sad. Katholieke, ngréntjangan ngenggani tentoonstelling ing sekatan. Para sadérèk sami rahap sagah mitoeloengi.

5. Woedoeing pisoengsoeng dateng Rama H. Koch inggih poenika: dihal ingkang ngindakaken padanging altar.

III. Lezing: kados-poendi saged kita ngindakaken pamedal. Ingkang léngseng ngandarakken sranan-srananipoen, tjara Mla-djengipoen., dengan pandjang lebar."

IV. Pitakat: Poenapa warga pangreh K. W. kenging ngedalaken pemanggih, ingkang terkadang bédá kalian pamanggih warga pangreh sanésipoen.

V. Kinten³ djam 1,45 parepatan katoeop padatan.

Pamjasa.

BESTUURSVEGAERING P. G. H. B. AFD. SOLO TANGGAL 20-7-30.

Vz. P. G. H. B. afd. Solo tampi serat saking secretaris Gewestelijke Bestuur, ingkang ngi-riás dados vz. Aubode Commissie kanggé mangajoebagi djangkep 50 warsanipoen Sri Maha Radja Poetri Wilhelmina: ingkang dawah mbénding tg. 1 September poenika. Wosipoen P.G.H.B. kapoerih organiseeren njekar sesarengan kanggé moerid-moerid pa-moelangan Djawi ing Soerakarta. Poetoesan-ing rembag; sarehning P.G.H.B. boten gadah sesambatan babar pisan kalian sekolah; mila boten saged nampi pandamelan waoe; saha namoeng saged tjaos pepént, moegi ambadé Commissie kémawon gandéng kalian schoolcommissie, ingkang gandéng lan pangoewaos ingatasen pameloengan-pamoelangan.

A. J. S.

Mardiwa tentoonstelling.

mBénding sekatan poenika pameloengan Mardiwa ing Soerakarta badé damel ten-toonstelling kados ingkang sampoen.

A. J. S.

PAREPATAN WARGA W. K. AFD. SOERAKERTA, 24-7-30.

Manggén ing "vergaderzaal" Koesoema-joejan Solo - wiwit djam 4.30. Wontening rembag ingkang perloe-perloe i. p.

a. Pamboeka. b. Notulen - c. Parepatan oemoen wontening Habiprojo - ingkang kawontenaken déning pak. Aisjah-Santjaya Rini - wanita Katholieke i. p. pakempalan-pakempalan wanita ing Soerakerta ingkang sampoen manoenigl wonten ing P. P. I. I. mbénding tg. 27-7-'30. Parepatan waoe kanggé oemoen toemrap sadérèk wanita: makaten oegi njoeroeji pakempalan-pakem-palan sanès ingkang karaos perloe. b. Seso-riphoem Mevrouw. J. Poerwastmadja bab "Spaara zaam h e i d" neangi manahing para warga, para Iboe-Iboe, ingkang dodos pepilihing brajet soepados sami gemic, soepados saged ngasta balé grija kanti ngéneti "goena kaskajinan" prijaipoen. Sesorah waoe kaparing toelada njekapi: toelada-toelada waoe sedaja gegaoctan kalian "koewadjabinan Iboe" ngasta balé grija - c. Oesoel-oesoel - Oeroesan Contributie - Congregatie afd. wanita - déréng saged toemindak - Saweg badé kaeroes. -

Kirang langkoeng djam 7.30 parepatan katoeop kanti wilodjeng.

WANITA KATOELIK NGAGO-JAKARTA.

Tanggal 26 sonen ngawontenaken parepatan manggén ing dalemipoen panitra Mev. Soegiri, ingkang rawoeh langkoeng saking 100. Poetoesan:

Ingkang karembag:

a. Ngawontenaken sectie kanggé ngindak-

aken sepetekipoen gotrah Katolik éstri,

langkoeng - langkoeng warganipoen W. K.

Kanggé tjbén - tjbén kampoen Djagalan manggén ing Poerwakinanti.

b. Aggesgeling a.b.c. - cursus.

c. Ngawontenaken feestomptoe naeman.

d. Ngawontenaken koemisi ingkang anda-pok werkprogrampoen W. K.

e. Manggalih wontenpoen bibliotheek kanggé warga.

K. W. KEBOEMÉN.

Parepatan warga K. W. dd. 20-7-'30.

manggén ing dalemipoen sad. J. O. Jatmardhiana, ing Karanganjar, onderw. H. I. S.

Parepatan kabikak déning Pangarsa djam 10.30 mawi boeboea kados adat saben.

Warganipoen: ngrembag tata tjara Katoelik.

Maos serat - serat saking Pangreh ageng P. K. W.

Oeroeanan kasangsaran ing Likasan tjlak Ambarawa. Tarikan oeroenan woe-lanan. Adres Sw. Tm.

Sasamponipoen karembag lan kasaro-ejoekan, parepatan katoeop déning Pangarsa djam 1,15 sijang kanti wilodjeng. Lajeng ngas, toemoenten parepatan P. K. D.

Rehing adapoor kasesa lan wekdalipoen

tjoempèn, notulen parepatan kapengker boten kawas.

(Poenika katj

OERAP-SARI

(PETIKAN SERAT-SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATHOLIEK.

Badé rawoehipoen Pastoer Djawi.

Kados ingkang sampoen naté kawartosaken ing Sw. T. ngriki, bén-djing woelan ngadjeng, kinten-kinten tanggal koer-koeran ngrikoe, pan-djenenganipoen pastoer Soekiman lan Djajasepoetra, kondoer angedjawi-

Kanggé mahargja rawoehipoen Pastoer Djawi kekalih poenika, sadaja pakempanan Kath. Djawi ing Ngajogjakarta sami saroedjoek ngawonten-aken komité dipoenpangarsani sadérék Soegiri; panitranipoen sad. Pad-mawijata, déné peiningmeester-ipoen sad. Soemandar. Anggènipoen mahargja tjalon wonten speelloods Broederan Kidoel Lodji.

Béndjing samangsa sampoen kantenan tanggal rawoehipoen, badé koela wertosaken ing ngriki.

Daredah Malta.

Katrangan saking Roem.

Roemijin sampoen naté kawartosaken, Inggris ngedalakan boekoe anama Witte Boek, andjalentréhaken kadadosan ing Malta. Kanggé nim-bangi boekoe wedalan Inggris waoe, Vaticaan inggih ngedalaken katra-nan, awoedjoed boekoe ± 200 katja. Ringkesanipoen manoet Oss. Romano:

a. Politiekipoen Lord Strickland.

Kala 21 October 1927, serat kabar *The Progress*, orgaanipoen Strickland, ngedalaken sajembara, sinten lenggananipoen ingkang saged damel wawaton, ingkang ngantos saged ngésahaken pandjenenganipoen Mgr. Camilleri, Biskop moersid toer sampoen sepoeh ing Gozo, badé ka-gandjar arta. Semanten oegi, inggih ngawontenaken pangebang gandjar-an arta dateng sinten ingkang saged ngeonangi, njoemerepi awoning ge-sangipoen para pastoer ing Gozo.

Tanggal 12 Juli 1928, Vicaris-Generaal ing Malta boten narimah-aken: déné ing sangadjenging kada-tonipoen Kg. Biskop wonten arak-arakanipoen para sakabat-Strickland mawi ngoewoh-oewoh, Sirnaa para ngoelama; sirnaa Kg. Santo Rama; sirnaa Sri Nata Kristoesl Widaa sang Calles!"

Kala tanggal 21 Febr. '29, wonten salebetipoen parepatan parlement, Lord Strickland kawedal anggènipoen njapélèkaken Vicaris-Generaal kaseboet, poenapadéné Mgr. Gonzi; Biskop ing Gozo. Le-kas ingkang makaten waoe boten damel renanipoen Maha Biskop ing Malta, kaseboet wonten serat ingkang dateng Vicaris-Djéndral-ipoen.

Pater Guido Micallif, dipoenado-woehi pangageng dateng Inggris; lan margi patoeranipoen, ladjeng tinoe-ding dateng Itali.

Paréntah Malta ngalang-alangi késahipoen ngoelama waoe. L. Strickland wonten parlement njrijosaken „saëstoe mbeabajani toemrap katen-treman oemoem, manawi wonten tjiang mantja saged ngelih tjiang Malta boten saking kadjengipoen tjiang waoe pijambak." Nanging toemrap prakawis ingkang dipoen-koewatosaken Lord Strickland i.p. ambeabajani toemrap katen-treman waoe, Vaticaan boten naté saged manggih titikanipoen.

Gandeng kalijan prakawis ingkang moetawatosi toemrap ke-moeding Ordenipoen para ngoelama poenika, poenapadéné awaton-tion tjiang poenika kedah mbangoen-mitoeroet dateng pangageng ingkang

sampoen sah, pandjenenganipoen Kardinal Gasparri ladjeng ngadjeng-aken Nota dateng paréntah Inggris, i. p. kala 23 Febr. '29.

Apostolische Visitatie.

Kala semanten, paréntah Inggris ladjeng angrembagi soepados Vati-caan oetoesan Apostolisch Visitator dateng Malta, perloe njatikékaken. Mgr. Pasquale Robinson ladjeng dipoenetoet, malah boten namoeng apangkat Apost.-Visitator, nanging Apostolisch Delegaat, perloenipoen soepados anggènipoen niti priksa saged langkoeng talesih.

Strickland, poenika waoenipoen poenapa?

1889, Strickland dados sekretaris wonten Malta, nanging ladjeng di-poenengti, ngantos kelampah di-poenpotjot. Swantan ing parlement ingkang ngroedjoeki potjotipoen, mèh sadaja. Strickland ladjeng késah saking Malta.

Saladjengipoen, saged dados goe-pernoer ing poelo-poelo Leeward, Taomanie, Australie-Kilèn, lan Nieuw Zuid Wales. Lan katawis anggènipoen boten njekapi, kirang igoeh, kirang pratikel; kados ingkang kabèbèr wonten *The Times* ing London kala 13 Sept. 1917.

Strickland wangsoel malih dateng Malta, ngedagken parté péhak nagari, oet. Constitutionele Partij, lan sasampoenipoen 6 taoen i. p. kala Agoestoes '27 saged dados minister nomer satoenggal. Wiwit poenika Malta meningi alam boten tentrem kados kalanipoen Strickland dados secretaris.

Lord Strickland kalijan Agami Katholiekk.

Tandoekipoen dateng Agami lan golongan Katholiek pantjén ngéwak-éwakaken. Prakawis poenika katisik oegi, i. p. kalanipoen Strickland wangsoel ngambah politiek Malta malih, ladjeng kémawon njerat ngan-tos pinten-pinten kolom wonten serat kabar, mawi irah-irahan: "Oeripé lan moekdjidaté" pastoer lan Biskop ing Gozo. Kadjawi poenika inggih katisik wonten ing tandoek njapélèkaken wonten salebeting parlement, kalanipoen angrembag wet-wet ingkang ngakeni seseboetan-seseboetan dalam Kg. S. Rama.

Tjekak Lord Strickland mengsa para Biskop, mengsa Agami Katholiekk. Lan prakawis-prakawis ingngigil anggènipoen martosaken serat-serat kabar ing Itali, Inggris lan Malta sok dipoenboemboni, dipoenwewah-wewahi.

KABAR OEMOEM INDONESIA

SAKING NGAJOGJAKARTA.

Sekatèn.

Djemoewah, 1 Agoestoes, sekatèn kabikak. Wonten pawarts, bilih ing sekatèn sapoenika-poenika, badé dipoenboekki kempalan badjungan saking mantja. Mila ingkang ngatoss-atos.

Rawoehipoen Pastoer Djawi.

Ngajogja wonten komité kanggé mahar-gja rawoehipoen Pastoer Djawi. (—koela atoeri mriksani kabar Katholiekk—).

P. G. H. B.

Koela mireng, gandeng kalijan anggènipoen Nagari badé ndawahaken liboeran October wonten salebeting dínten péta-nigan dijwa, (perloenipoen sageda goeroe-goeroe sami njamboet damel kanggé perioe poenika), P. G. H. B. Ngajogjakarta badé ngawontenaken protestvergadering. (10 Agoestoes).

Persdelict.

Margi persdelict, sadérék Drijowongso redacteur *Bintang Mataram*, kala 23 Juli poenika anglampahi wadjibipoen melebet wonten pakoendjaran Ngajodja sawoelan.

L. T. M.

Pakempanan schaak „Langen Tjatoer Mataram" mentas nglöeroeg dateng Ma-gelang mengs „Broederschap" menang I, i. p. 5-4.

Djaduhan Parangakik énggal.

Frankrijke gaduh djaduhan énggal, lan saking alitipoen boten klebet wonten kaart boemi. Djaduhan waoe, poelo alit anama Tempest. Doe-noengipoen wonten saantawisipoen Cochin China kalijan Borneo. Djem-baripoen 50 A., djiwanipoen na-moeng 4 glintir. Nembé poenika, satoenggiling kapal perang Parang-akik nglèbètakan gendéra Parang-akik wonten ngrikoe.

Kétjalan rabi.

C. P. P. A. martosaken bilih rabi-nipoen Ngatin oemoer 15 taoen, anama Amien, ing Salam halte Tém-péll Magelang, kala 16 Juli itjal, bokmanawi kémawon kenging apoes-ipoen wèrek.

Wangsoelanipoen Paréntah.

Wonten parepatan Raad Kawoela 25 Juli, Wakil Paréntah toemrap prakawis oemoem, t. Kiewiet de Jonge mahakaken katrangan warni-warni, kadosta:

Vaderlandsche Club.

Paréntah manggalih bilih actie-nipoen Vaderlandsche Club noe-woehaken swasana moetawatosi (gespannen atmosfeer); njangetaken pisahipoen ngrika-ngriki. Lekas-ipoen V. C. kapanggalih namoeng gak ketoega (roekeloos), ambaba-jani. Manawi V. C. boten ngéwahi tradjangipoen, Paréntah angèl sanget sagedipoeu nerangaken, bilih boten kagoengan kawraton manawi wonten ambtenaar dados warganing pakem-palan poenika.

Resisir.

Sasambutan dienst resisir Indo-nesia kalijan mantja nagari poenika prakawis aloes, gawat, mila Paréntah manggalih langkoeng saé prakawis poenika boten dados rembag ké-

mawon. Paréntah mahjakaken angèl-ipoen pakarjan resisir.

Gelijkstelling Tionghoa.

Paréntah boten naté ngandikakan, manawi tanggal 1 Djanoewari '30 poenika republiek Tiongkok boten anindakaken familierecht Kilénan, gelijkstelling bangsa Tiong-hoa ing Indonesia inggih meksa katindakaken ing dinten waoe oegi. Toemindakipoen prakawis waoe ing wekdal bén-djing, poenika na-moeng awoedjoed pangadjeng-a-dadjeng, dados boten ndjandjén.

Ambrangoes serat kabar.

Rembag ngawontenaken pranatan kanggé ambrangoes serat kabar, ingkang boten namoeng ngéngingi serat kabaripoen tjiang Priboemi, taksih dipoenpanggalih.

Mr. Koesoema Soemantri.

Wonten parepatan dinten poenika, Paréntah taksih saged anedahaken toeroenan prosès perbal, patoeranipoen Mr. Koesoema Soemantri, mawi dipoenkanténi nota katrangan. Mila, awrat manawi kapeorih anindakaken paniti priksa malih ingkang langkoeng setiti, langkoeng neutraal. **Exorbitante Rechten.**

Paréntah ambijantoe pambangoening exorbitante rechten (wewenangipoen G. G. amboetjal tjiang). Paréntah inggih ngentosi oesoel-oesoel saking Raad Kawoela, ingkang manawi katindakaken saged maremaken.

Tjiang oekoeman poelitik ingkang loewar.

Gandeng kalijan pitakéni poenika, t. Fruin bab tjiang oekoeman poelitik kala ontran-ontran taoen 1926, Wakil Paréntah nerangaken bilih kala kadadosan 1926/27, tjiang ingkang dipointejpeng wonten 13.000. Tjiang semanten poenika katah sanget ingkang ladjeng dipoenloewari, sanés-ipoen sami kaboetjal. Wonten tjiang dakwan 4522 ingkang dipoenoekeu boewi. Tjiang semanten poenika ingkang sampoen medal, margi sampoen rampoeng anggènipoen nglampahi oekoeman, wonten 1670. Doe-moegi 31 Agoestoes ngadjeng poenika taksih wonten malih tjiang 270 ingkang kawedalaken.

Schaal B dateng A.

Anggènipoen Nagari kagoengan karsa ngelih sawenéhing pangkat saking schaal B. 9 dateng A. 18 A., poenika sampoen kala nem taen kapengker lan inggih mawi saroe-djekipoen Raad Kawoela.

Prakawis P. N. I.

Paréntah rena sanget, déné katah warga ingkang njoeroedjoeki karsa-nipoen Nagari masrahaken praka-wisipoen Ir. Soekarna dateng poe-toesani poenipoen. Fruin ngangem grana ingkang loear biasa (buitengewoon) manawi wet-wet li-mrah kémawon sampoen njekapi.

Pamanggih bab glédahan kala 29 Dec. '29, warni-warni. Mila Paréntah leresipoen, warga Katholiekk wanten pamanggih ipoeng kados makaten. Sampoen leresipoen Nagari kedah ngakeni wewenangipoen golongan partikelir toemoet tandang damel anjampeti kabetahanipoen tanah Indonesia toemrap prakawis onderwijs.

Saoepami tånpa wonten pambijan-toenipoen golongan partikelir, gék-sapinten taoen engkas, Indonesia badé soegih sakolahan?

Boten perloe koela pratélañen, bilih partikelir poenika waoe saking golongan warni-warni

Sapoena, kados-poendi katrangan-ipoen Paréntah toemrap rede-nipoen t. Monod waoe?

Wonten parepatan Raad Kawoela kala Djemoewah tanggal 22 Juli poenika, Wakilipoen Paréntah t. Ir. Kiewiet de Jonge mratélañen bilih atoeripoen t. Monod waoe gerban-ipoen leres, i. p. toemrap poenipa ngangké kinasakan Paréntah nedya kaparingaken. Lan mesti kémawon inggih oegi dateng golongan Katholiekk ingkang ngetok kakijatan kanggé njampeti kabetahan onderwijs ing ngriki.

De Regeeringgemachtigde releveert de vraag v. d. heer Monod de Froideville, namelijk inzake de erkenning van het recht van particulier initiatief op het gebied der algemeene onderwijsvoorziening in alle gebiedsdeelen van Nederlandsch Indië, naar aanleiding waarvan de Regeeringsgemachtigde opmerkt, dat dit in het algemeen juist is, wat de Regeering bedoelt te geven en zeker aan een groep als de Katholieke, wier arbeid voor de onderwijsvoorziening in Indië bezwaarlijk overschat kan worden." (Verslag Aneta 22 Juli).

„De Katholieken hebben immer zich bereid verklaard tot samenwerking, maar willen niet in eenig opzicht bij voorbaat worden uitgeschakeld." — „Kita tjiang Katholiekk tansah poeroen njamboet damel sesarengan. Nanging sadérèng sasampoenipoen kita boten poeroen manawi kabédkaken, inggih toe-temrap prakawis poenipa kémawon."

ONTJÈN SEKAR GAMBIER MELATI.

PARÉNTAH

kalijan ONDERWIJS KATHOLIEK lan NJAMBOET DAMEL SESARENGAN.

Dados, Paréntah pijambak (kersa) ngakeni labetanipoen golongan Katholiekk toemrap prakawis onderwijs. Monod de Froideville medarakan kaantepan manahipoen prakawis onderwijs, soeraosipoen makaten:

Panjoewoeno koela kaparenga

Paréntah ngakeni wewenangipoen

golongan partikelir tandang damel

anjampeti kabetahan onderwijs

ing satanah Indonesia. Panjoe-

woeno koela poenika, langkoeng-

langkoeng kanggé tanah Indonesia;

djer rembag anjampeti onderwijs

boten saged dipoenoeardi, manawi

tanpa migoenakaken pambijantoe-

nipoen sadaja golongan ingkang

njoedjakaken kakijatanipoen kang-

gé prakawis poenika. Toemrap

prakawis preloe kados njoedjani

onderwijs poenika, temenipoen

pantjén boten saged anishaken

pambijantoeipoen golongan ing-

kang ngatingalaken, mila poeroen

njamboet damel sesarengan; . . . se-

manten waoe, manawi tjiang nedya

anindakaken politiek njamboet

damel sesarengan, sarta ambom-

bong panjamboet

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226
boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.
Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

PAKOLÉH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON DUNLOP R. I. W.
RIJWIELEN
Nitjil kenging! — Kentjèng soekoer!
GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELEF. 508.

TOKO BARANG - BARANG H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak - anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALI!

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannya.

ROTI - ROTIE, KOEWEE - KOEWEE dan
BESCHUIT - BESCHUIT KERING.

SROETOE - SROETOE dan ROKOK -
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die
giling dengan machine Electries, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0,90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedijken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

TJET GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;

sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJET GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet

namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;

5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING

Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

Journalistiek.

Sad. Kotjosengkono, redacteur
Bintang Timoer péangan Walandi,
margi pasoelajan pamanggih, kalijan
directeur-ipoen, medal saking re-
dactie.

Toek toja bentèr.

Tjelak Batoe, Malang, pinanggih
wonten toek toja bentèr énggal
tjatjahipoen gangsal, bentèripoen
wonten antawisipoen 35 kalijan 40
grad celsius.

Neda soedanipoen tarip.

Margi reginipoen gendis soeda,
Java Suikerindustrie, nglampahaken
panjoewoenan dateng G. G. njoewo
soedanipoen tarip momotan
gendis wonten sepoer S. S.

Goedang ampas kabesmèn.

Goedang ampas pabrik gendis
ing Blimming Soerabaja, gadahan-
ipoen H. V. A. isi ampas 45.000
karoen, kabesmi. Sirepoino latoe
ngantos 12 djam. Kapitoenèn f15.000.

Rosan gadahanipoen pabrik gendis
Kebon Agoeng, Malang, mentas
wonten ingkang dados awoe, ngan-
tos sadasa baoe.

Rosan ing bawah Probolinggo
wonten 240 baue inggih dados
manganipoen latoe.

Pamedalipoen S. S. soeda.

Ing salebetipoen sadasa dinten
ing woelan Juli, gendis ingkang
kantoenaken medal S. S. soeda
f 525 000, manawi katanding kalijan
taoen kapengker oegi ing wedal
poenika.

Sadasa dintenipoen malih, soeda
malih f 500 000, . . . ngantos soe-
daning pamedal ing sawoelan ka-
taks badé wonten satengah mlijoen.

Sadaja momotan toewin tjiang
noempak, angsal - angsalipoen bok-
manawi kémawon badé soeda 2
mlijoen roepijah poenika manawi
katanding kalijan taoen kapengker
ing woelan waoe. (A. I. D.)

Patjeklik ing Manggarai.

Kados ingkang sampoen naté ka-
wartosaken, ing wiwitinan taoen
poenika, margi ama tikoes, Mang-
garai (Timoer) kekirangan teda. Ing
woelan Maart lan April saben-saben
wonten djagoeng 1200 datjin ka-
kintoenaken mrika. Woelan Juni
lan Juli angintoenaken malih djagoeng
1200 datjin.

Lan sapoenikanipoen, resident Ti-
moer, njoewoen dateng Paréntah
loemantar tilgram soepados dipoon-
parengaken nganggé arta s ad a s a
é w o e roepijah kanggé miteloengi
patjeklik ing ngrika. Panjoewoenan
poenika dipooparengaken.

Arta kanggé tjiang woeta.

Pangreh "Vereeniging van het
Lot der Blinden" ing Indonesia,
mratélakan bilih arta ingkang ka-
tampi kanggé tjiang woeta wonten
f 23.796.78.

Arta semanten poenika, saking
Bandoeng f 3303,84, saking Semarang
f 1045,64, saking Malang f 1162,60, saking Blitoeng f 2170,84,
saking Betawi f 1253,85, saking Solo
f 1064, saking Balikpapan f 1150.

Weduwen lan weezefonds.

Warga Katholiekt. Monod de
Froideville wonten parepatan Raad
Kawoela neda wontening fonds-
laré lola, poenpadéne fonds kanggé
warandanipoen prijantoen Priboemi.

Kadjawi poenika, inggil njoewoen
soepados tjiang ingkang brajatipoen
ageng dipooparingana soeden paos
ingkang pantes, poenadéne pranatan
bajaran sakolah ingkang langkoeng
sae.

Idjab dèrèng ngoemoer.

Ing Bandoeng, salebetipoen nem
woelan poenika wonten ningkahan
dèrèng ngoemoer ngantos kaping
44. Ingkang kaningkahaken waoe
laré èstri oemoer saantawisipoen
13 kalijan 15 taoen.

Ama tikoes.

Kawertos ing Poerbalingga won-
ten ama tikoes, nanging boten sa-
net-sangat.

P. P. I. I. damel internaat.

Ing Bandoeng sakedap malih badé
wonten gria pondokan kanggé laré
èstri gadahanipoen P. P. I. I. Se-
manten oegi P. P. I. I. Djakaarta
oegi badé ngedegaken pondokan.

Lelampahan bangsa Roeslan

dipoentjepeng.

Nembé poenika wonten tjiang
Roeslan ambeka bodjo lan anak
èstri satoenggal mlebet ing Indonesia,
lan margi kadakwa propagandist,
ladeng dipointejepeng. Anggénipoen
njepeng wonten baita Tjibadak.
Ingkang njepeng poelisi Soerabaja,
atas dawoehipoен Pokroel Djéndral.
Tjiang Roes waoe manoet kémawon,
dipoenbekta saking Soerabaja dateng
Betawi, perloe dipoenpriksa. Pawar-
tos ing ngingsil poenika ingkang
mertosaken Aneta. Het Nieuws nja-
rijosaken prakawis poenika kados
ing ngandap poenika.

Ing Ngajogjakarta wonten tjiang
Roeslan anama N. Donskoy, sapoe-
nika njamboet damel wonten toko
djampi Van Gorkom, anggénipoen
wonten Indonesia sampoen 16 taoen.

Toek kabet tjiang saé. Kala nem
taoen kapengker, t. Donskoy rabi
pikantoeck njonah bangsanipoen pi-
jamak nama Smirnoff.

Sabakdanipoen wonten brontakan
ing Roeslan, marasepoehipoen t.
Donskoy késah miroeda saking
Harbin, dateng Shanghai. Nanging
dangoe - dangoe panggesanganipoen
wonten Shanghai saja ngrekaos,

mila kala April kapengker kintoo
serat t. Donskoy badé noesoel dateng
tanah Djawi. Toewan Donskoy
poeroen kémawon nampi dateng-
ipoen marasepoeh, nanging margi
mlebetipoen tjiang Roes dateng

tanah ngriki dipoendjagi saestoe,
t. Donskoy waoe ladeng neda
pratikel dateng resident Westra
Ngajogja. Soepados boten wonten
poenapa - poenapa. Hoofd van den
Immigratiedienst ladeng dipointe-
dani palilah mlebetipoen t. Smirnoff
kalijan njonah dalah anakipoen
èstri satoenggal. Hoofd Immigrati-
edienst mratélakaken dateng t.
Donskoy boten gadah kawraton
poenapa - poenapa ing bab badé
mlebetipoen t. Smirnoff, waton di-
poensokani soemerep badé wonten
poendi anggénipoen laboeh, perloe-
niopoen sageada njoekani soemerep
dateng ontschepingsambtenaar.

T. Donskoy ladeng manggih
agén J. C. L. ing Semarang kalijan
ambekta serat saking Immigrati-
edienst waoe, perloe ambajar wraga-
d - wragad kanggé marasepoeh-
ipoen. Sareng t. Donskoy pikantoeck
tilgram saking Makasar bilih familie
Smirnoff noempak baita Tjibadak,
. . . boten antawis dinten ladeng
metoeck dateng Soerabaja, nanging
datengipoen wonten kapal käsép.
Mila ladeng ngadep dateng Immi-
gratiedienst. Wonten ngrike dipointe-
poh teroës pinanggih poelisi,

. . . wasana pikantoeck kabar bi-
lich marasepoehipoen dipointejepeng.
margi dipoendakwa dados propa-
gandist Moskou.

T. Donskoy inggil njobi sowan
Pokroel Djéndral nangg boten
dipoentampi. Smirnoff djaler èstri
taksih dipoenpriksa, nanging anak-
ipoen kenging dipoenbekta t. Dons-
koy.

Pokroel Djéndral.

Mr. R. J. M. Verheijen, sawang-
soelipoen saking perlop kaangkat
dados pokroel djéndral ngiras ad-
vocaat - fiscaal kanggé barisan sa-
modra lan daratan.

Boeat toean poenja

Recept²

ER
ERCEE
EE

APOTHEKEN

Rathkamp & Co.
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT KANGGÉ SALEBETIPOEN
NGAJOGJAKARTA.

Sepeda - sepeda merk:
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.

TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.—
saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perka-
kas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tami per S. S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:
ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.
Sedija oegi Djas dijawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoon

towan sarta tjét wénter.
PENJADÉJAN KENTJÉNG SARTA KATJTJILAKEN.
Menawi perloe moendoat katerangan, badé kakintoen pratélan-
poen kalajan lelahan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:
"WIRJOSOESENO"
Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6. - 7.30.	Lamah	5.30 - 6. - 8.	Pekalongan ⁸⁾	7.30.	Soerabaja:
Amboina	7.30.	Lawang ⁵⁾	7.	Pemalang ⁹⁾	7.30.	Kepandjén
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Bou.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7. 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	6 - 7 - 8.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Karang
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tandjoeng Sakti
Djember	7.30.	Medari ⁶⁾	9.30 (mal).	Sambas	6 - 8.30.	Tara-Tara
Djokja:		Meester Corn.	7.30.	Sambong	8.	Tegal
Kampementstraat	Eur. 7 - 9.	Jav. 6 - 8.		Sawah Loento	7 - 8.30.	Tering
Kota Baroe	6 - 7.30.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjilatjep ⁸⁾
Djombang ¹⁾	7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sedirjam	5.45 - 8.30.</td	

POESAKA RAH DALEM ING BOXMEER.

(Serat saking Nederland).

Boxmeer poenika sami-sami kita ing nagari Welandi klebet kita alit, toer doenoengipoen radi kepéring, i.p. wonten ing Noord-Brabant, podjok kidoel-wétan; kalijan tapelwates Duitschland tebihipoen namoeng kantoen ± 1½ pos. Agenging kita tawatis namoeng sapar tiganipoen kita Ngajodja. Tijangipoen kirang-langkoeng 4000, ratjak Welandi sadaja; tijang mantja namoeng sakedik sanget, kadosta: tijang Duitschland, Jahoedi. Tijangipoen Djawi namoeng satoenggal til. Sinaosa Boxmeer poenika kita alit, ananging ageng kramatipoen, dados pasoejdjarahanipoen tijang Katoelik Brabant lan ing sakawa-tengenipoen, amargi ing rikoe wonten poesakanipoen ingkang pantes pi-noendi-poendi i.p. Rah Dalem Sang Kristoes. Awit saking poenika Boxmeer oegi dipoenwastani! De stad van 't H. Bloed. „Oenggianing Rah Adi” . . ?

Rah Dalem waoe kasimpen wonten Grédja St. Pétrøes, Grédja ing Boxmeer, kagoenganipoen para Rama warga pakempalan Karmél. Agenging Rah kirang-langkoeng sakentos salak, ndjendel, warninipoen sampoen tjemeng kabekta saking dangoenipoen, ndlemok toemémplék ing katjoe petak ingkang oegi sampaen dados djené mangkak. Ing sakawa-tengening djendelan Rah taksih wonten dlemokanipoen alit-alit. Katjoe petak waoe roemjiniipoen Corporaal i.p.: katjoe ingkang kaagem ing Imam jén pinoedjoe Mis, kadjérèng ing altar minangka léméking Salira Dalem. Katjoe waoe kasimpen ing tjoepoe mas, wangoen gilig, pandjangipoen ± 2 d.M. déné loewengipoen, kaétang garis tengah ± 1½ d.M. Moerih tjetanipoen: wangoening tjoepoe waoe mémper kalijan kaloenging laré, wadah djimat, kaot mawi soekoo bebantjik lan ing ngadjeng, kadoegi 1/3 loeweng, kapasangan gedah; dados poesaka Rah Dalem katingal saking djaw. Jén tijang badé nglairaken soengkemipoen dateng Rah Dalem, sagedipoen namoeng noetjoep gedah waoe.

Tjoepoe waoe ing saben dintenipoen soemaré ing altar miroenggan, sakiwanipoen altar tengah. Altar waoe dipoenwastani altar Rah Dalem. Déne jén pinoedjoe sinéwaka, tjoepoe kapasang ing grijan alit slaka asesekaran emas, kinara - wista astri sanget kados tjandi, inggilipoen ± 1½ M, pandjang ± 3 d.M. wijar ± 2 d.M. Ing empjak ingkang sisih ngadjeng wonten seratanipoen ingoekir, oengelipoen: Anno. 1656; tegesipoen: Ing taoen 1656. Dados nitik seratan waoe, anggénipoen ijasa omah-omahan sampoen kina sanget, kadoegi njarengi madegipoen pradja Ngajodjakarta, nitik taenipoen tamansari Ngajodja. — Ing empjak sisih wingking wonten seratanipoen oegi tjara Latin:

Chronic. Duplex
Tessera Fidei
Comitis Alberti
et
Magdalener
Conjugis.

Seratan poenika sengkalaning taoen. Chronic poenika tjeukanipoen Chronicum, djawinipoen ing riki: sengkalan. Asal saking temboeng Grieksch: Chronos, ateges: wekdal. Manga dipontanding kalijan: sengkalan; andak poenika asalipoen boten saking temboeng; kala? Déne duplex tegesipoen: dobel, rangkep. Ing rikoe kadjengipoen: angkaning sengkalan dipondamel sami kalijan dobel kalihipoen angkaning th. ingkangsingkalan. Angka waoe kawoe-djoedan angka Roem ingkang kamot ing oekara ing sangandapipoen pitemboeng: Chronic. Duplex. Tjobjakaétanga pijambak! i = I = 1. D of d = 500. C = 100. l of L = 50. m of M = 1000. u = 5. Angkaning taoen ingkang sinengkalan: 1656 (anno. 1656). Dados jén kepanjihipoen sengkalan: 1656 × 2, inggih tjotjog. — Rak lebet lan saé sengkalan Djawi inggih? Déne tegesipoen oekara, makaten: Pasekséning pangandel Graaf Albert lan garwa: Mahdalénah.

Kedjawi poenika ing ngandap tritisaning grijan moebeng oegi wonten seratanipoen, asoeraos: Ijasan poenika pisoengsoengipoen ingkang Minoelja toewin Kinawasa saha Linangoeng Risang Albert, Graaf toewin Mark-graaf ing Bergen of Zoon lss. sagawa: Mahdalénah, minangka pratijnaning soengkem dateng Rah Dalem, poesaka ing Boxmeer. — Njata sakedik: tijang loehoer poenika ing poendi-poendi kok sami soegih seboetan.

Graaf Albert lan garwa: Mahdalénah poenika roemjin ingkang jasa klooster ing Boxmeer, ing taen 1653. Kalijan timboelipoen orde Jezuïet namoeng kaot sakedap!

Bababipoen Poesaka Rah Dalem.

Katjarioes ing taoen 1400, ing Boxmeer wonten satoenggiling Imam, nama boten kaseboet ing babad, njaosaken koerban Mis-Soetji wonten Grédja. Sareng nedeng-nedengipoen Konsekrai Imam waoe ing batas radi tipis pitadosipoen: „Andak roti lan anggoer iki njata malih dadi Salira lan Rah Dalem Goesti Jésoes temenan?” Ing sanalika poenika oegi Rah Dalem ingkang wonten toewoeng mbloedag, loebér dawah ing corpora, mérēh-mérēh awoedjoed rah saëstoe. Imam sanget kagétipoen, sakedap kamitenggeng boten ébah. Wasana ladjeng émoet, nalangsa ing Pangéran, saget kedeweong ing manah, déné ngantos kami poeroen mengeng ing pitados. Ing rikoe Pangéran toemoentoen paring sasmita bilih dosa-nipoen kaapoenten: Rah Dalem ingkang taksih wonten toewoeng malih awoedjoed anggoer malih, namoeng Rah ingkang dawah ing Corpora ladjeng andjendel taksih awoedjoed Rah.

Ngantos doemoegi samangké Rah Dalem taksih kasimpen, dados Poe-saka ing Boxmeer.

Prakawis paseksén, bilih tjarisos ing nginggil waoe saëstoe sanés goegen-toehon oetawi dongéng getok-toelar, boten kirang, lan inggih maremaken. Saweg nitik soengkemipoen tijang maëwoe-éwoe, ingkang pendak taoen, wiwit abad ingkang kaping 15 doeinoegi samangké abad kaping 20, boten kendat sami soedjarah dateng Boxmeer, kados sampoen boten kirang tjeta menggah njatanipoen panggeram-éram waoe. Kedjawi poenika paseksén awoedjoed document oetawi serat-serat inggih katah, soemimpun wonten ing archief ing pastoeran Boxmeer.

Ing taoen 1631 — 26 November — Kangdjeng Biskop ing Roermond, Jakoboes a Castro paring serat-paseksén, kasimpen ing archief Boxmeer.

Ing taoen 1499 ing Boxmeer sampaen wonten pakempalan ingkang kanamakaken: Pakempalan Rah Dalem (Broederschap van 't H. Bloed). Nitik namansing Pakempalan poenika, téteka bilih kala semanten Rah Dalem sampaen pinoendi-poendi.

Kadjawi poenika paseksén pangéram-éram oegi katab sami katjatetan, soemimpun ing archief Boxmeer. Kadosta ing taoen 1642 wonten laré oemoer 8½ taoen, ajan, mantoen saras babar-pisan awit saking soengkemipoen dateng Rah Dalem. Ing taoen 1633 wonten laré éstri korengan boten mantoen-mantoen, saja dangoe saja mbabruk. Katah ingkang sami mastani: boten badé mantoen. Woesana sareng laré waoe soedjarah dateng Boxmeer, memalaniipoen bablas, poelih. Ing taoen 1636 wonten tijang nama Hussen, sakit aboeh sampaen madal djampi, oegi mantoen awit saking soengkemipoen dateng Rah Dalem. Makaten sapaoenggilanipoen taksik katah. Sadaja kasimpen wonten ing archief Boxmeer.

Doemoegi samanten, téteka terang bilih Poesaka Rah Dalem waoe sampaen kina sanget. Oetawi malih oegi téteka menggah ing njatanipoen pangéram-éram Rah Dalem katjarioes ing nginggil, kotik agenging kramatipoen.

Badé kasambet.

PEMANDANGAN TENTANG VOLKSTELLING.
(Saking: kantor Volkstelling).
„Menjokong volkstelling, mentjinta tanah air.”

Beroentoenglah sekarang, karena pengaroh matjam-matjam propaganda jang telah tersian kian-kemari diseloroeh tanah Hindia ini, orang bertambah lama bertambah banjak mengerti akan keperloean perhitungan djiwa alias Volkstelling. Hal jang demikian memang soedah sepatoetna. Sebab sedangkan didalam oeroesan jang ketjil-ketjil sadja, seperti oeroesan didalam roemah tangga, waroeng, perkeboenan, per-toekangan d.l.l., pada satoe tempo orang poen mestii menghitoeng dan mengira masing-masing keadaan oeroesan itoe, oentoek mengetahoei dan mendoega boeroek dan baik hasilnya, pada waktoe jang telah lale dan dimasa jang akan datang.

Apa kata lagi oeroesan Volkstelling . . . , ja'ni soeatoe oeroesan oemoem, jang bersangkoet dengan hal keadaan-soesah dan senang-jasekalian ra'jat, pastilah seorang poen jang sehat pikiran, ta' dapatlah akan menjia-njiakan keperloeannja.

Lebih-lebih lagi djikalau ra'jat itoe mema'loemi, bahwa hanja de-ngeun oeroesan volkstelling jang dilakoekan dengan teliti sadjalah, maka orang dapat memadjoekan tanah airnya, soepaja boleh termasoek kedalam golongan tanah jang modern, jang terpandang beschaaf atau kesopanan.

Karena itoelah masing-masing pendoedoek jang soenggoeh-soenggoeh hendak menjapai keselamatan dan kemadjoean Hindia ini, mestilah soeka menolong pegawai-pe-gawai volkstelling memberi segala keterangan jang diketahoei oleh mereka itoe boeat tjetetannja, dengan seloeres-loeroesna dan setjoekepjoekepnja.

Tambahan lagi menilik besarnya belandja dan soekarnya kerja volkstelling itoe, maka kerja perhitungan djiwa itoe oleh kebanjakan negeri-negeri, hanjalah dilakoekan sekali didalam sepoeloeh tahoen. Demikian djoega dinegeri kita ini. Dan hal ini poen menambah kejakinan poela, bahwa bantoean jang terseboet diatas ini bagi Volkstelling, soepaja mendapat hasil jang baga-goes, boeken main besar harganja.

Orang tidak perloe choeatir mem-

beri satoe-satoe keterangan jang diketahoei itoe, sebab masing-masingnya itoe tidaklah akan dioemoemkan. Oleh kantor besar Volks-telling di Weltevreden sekalian keterangan jang ketjil-ketjil itoe, sematjam-sematjam dikoempelkan menjadi satoe sampai mendapat djoemlah besar. Dan djoemlah-djoemlah besar itoelah nanti jang akan dioemoemkan. Baik dalam satoe-satoe district atau onderafdeeling, dalam satoe afdeeling atau daerah, dan demikianlah seteroesnya sampai mendapat djoemlah besar boeat seloeroeh tanah Hindia ini.

Djadi nama-nama orang dan kerdjana orang itoe, seperti men-

djadi baas toekang batoe atau saudagar barang batik d.l.l., ta' dapatlah diketahoei lagi didalam djoemlah itoe. Tjoemah jang dapat diketahoei oempamanja djoemlah baas toekang batik sekian . . . dan djoemlah saudagar barang batik sekian d.l.l. Dan setelah djoemlah-djoemlah jang seperti itoe didapat, maka daftar-daftar tjetetan jang banjak itoe boleh diboeang atau disimpan mati-mati. Djadi artinya tjetetan seperti tertolies didalam masing-masing daftar itoe mestii tinggal batin, sekali-kali ta' boleh djoemoemkan oleh siapa djoeaopen.

Tiap-tiap keterangan jang diketahoei oleh Volkstelling itoe, dapatlah poela dima'loemi, bahwa goenana akan menjadi soeloeh oleh Pemerintah oentoek membawa ra'jat kedjalan kemadjoean dan keselamatan. Djadi apabila soeloeh itoe tidak semporna terangnya, tentoelah Pemerintah ta' dapat melakoekan kewadibannja dengan sepatoetna, sehingga hal itoe boleh mendatangkan karoegan atau kemoendoeran kepada ra'jat. Djadi sekalian pendoedoek Hindia mestilah sepakat sama-sama beroesaha, soepaja hal jang meroegikan ini djangan sampai terjadi.

Boleh djadi adalah orang jang mengira oempamanja, djikalau pegawai volkstelling menanja berapa oemoernja, bahwa pertaanjan itoe dipandangnya sebagai main² sadja. Persangkaan itoe memang salah benar. Sebab pertaanjan itoe teroetama besar sekali paedahnja, ialah boeat mengetahoei djoemlah orang-orang moeda dan djoemlah anak-anak, jang mestii dioeres nanti oleh Pemerintah misalnya tentang tempat kedieman dan sekolahannya mereka itoe. Ja'ni soepaja hidup mereka itoe kelak boleh selamat dan djang menjadi sia-sia didalam pergaoelan oemoem.

Demikian lagi pertaanjan tentang

POESPITA MANTJA WARNA.

Toemoet-oeroen rembag —

Sapinten pigoenanipoen serat kabar, para sadérèk sampaen boten kekilapan; mila soewawi ambijantoe sagadoeg-gadoegipoen; ambijantoe ingkang sampaen madeg, saha ambijantoe ingkang saweg badé madeg. Ingkang sampaen wonten temtoenipoen kedah langkoeng kagatosaken katimbang ingkang saweg badé medal, taksih wonten ing panggalihan, awit ingkang sampaen wonten poenika nama barang ingkang temtoe.

Kanggé laré sekolah toewin ingkang sampaen medal saking sekolah (H. I. S.) saha teroos njamboet damel sampaen wonten. Ingkang satoenggal medal saben woelen, sa-toenggalipoen medal kaping kalih ing sawoelanipoen. Kindervriend basanipoen warni tiga, Djawi, Mladjeng, Wlandi. Kados-poendi roepinipoen toewin kados-poendi isinipoen, koela dérèng njoemerepi pijambak. Bokmanawi Redacteur Sw. Tm.?*) Déne H. I. S. koela pijambak sampaen kerep maos; mila saged mastani, bilih poenika namoeng kanggé laré H. I. S. tok. Kanggé laré wedalan sekolahang angka 2 kekatahen tjara Wlandinipoen, dados boten mateok; laré wedalan sekolahang doesoen babar pisau boten mangertos, manawi maos. Oepami H. I. S. dipoen atoer tjara énggal kados Kindervriend, kados-poendi? — Prakawis poenika kedah rembagan kalijan ingkang ka-goengan; ananging sakoela boten saged rembagan, awit panggénan koela wonten ing boentoet; ingkang saged para pangadjeng, oepamini-poen bestuur P. K. W. saafdeeling ipoen K. W. - K. W. pisan. Poenapa voorstelipoen sad. Trenggana ing Sw. Tm. No. 28 boten dados panggilan? Lah kados-poendi pamanggilipoen sad. Penonton ing Sw. Tm. No. 29? Poenapa inggih namoeng kendel voorstelan kémawon. Bok inggih diponekedapi kagalih poenidi ingkang kaangkat. Oeger toeman-dang kémawon, koela sampaen toemoet bingah, awit poenika mratihnani actief kita. Saking roemaos koela pijambak sagedagan poenika bab pakempalan kita kok ragi lembe, katitik saking boten wontenipoen verslag-verslag ing Sw. Tm. béda kalijan sawatawis woelanan Sw. Tm. badé panggah alit kémawon?

Dedamel kita namoeng poenika. Manawi boten kaasah, kados-poendi?

Ma'af.

Pararta.

Boeat memberi pemandangan kepada t.t. pembatja, bahwa volkstelling itoe dinegeri-negeri jang telah tinggi kesopanannya, telah lama mendjadi soeatoe keperloean jang amat penting, maka dibawah ini adalah diterjemahak seboeza ma'loemat dari Pemerintah Egypte (Mesir), jang bertanggal 10 Februari 1917, ja'toe waktoe Pemerintah disana pada boelan Maart taheo itoe akan mengadakan perhitungan djiwa jang kedelapan kali. Boeninja:

Perhitungan djiwa ditanah Mesir jang akan dilakoekan pada malam 6-7 Maart boleh berhasil baik, ialah sebagian besar bergantong kepada kemaoean jang soetji dan bantoean jang ichlas di ra'jat sekalian.

Dalam hal itoe perhitungan djiwa itoe memanglah soeatoe pemeriksaan jang amat mahal belandjanja dan amat besar keperloeannja boeat statistiek, jang dilakoekan oleh Pemerintah oentoek kepentingan ra'jat. Sebab itoe bagi masing-masing ra'jat pastilah mendjadi satoe kewaduhan dan keperloean boeat memberi segala pertolongan jang boleh dilakoekan.

Apabila „tanah Mesir.” dan „malam 6-7 Maart” jang terseboet didalam ma'loemat itoe diganti dengan Tanah Hindia dan tanggal 22 September sampai 7 October 1930, maka ma'loemat itoe pastilah boleh kita pandang sebagai ma'loemat dari Pemerintah kita di Hindia ini.

Hollandsche Neutrale School
Kalitidoe (Bodjonegoro)

betah goeroe pambantoe, ingkang wedalan Kweekschool (kl. 3 vierjarige cursus) langkoeng oetami ingkang sampaen praktijk. Diploma boten perloe, waton gjit njamboet damel. Serat lamaran dateng kepala sekolah.

KORAN KITA.

Swara-Tama minggoe poenika dipoenewehi lembaranipoen. Poenapa kadang kala saged makaten? Poenika goemantoeng saking para lenggan, manawi sadaja netepi koewadibjianipoen, inggih saged. Pramila soemangga ngiséni postwissel ingkang sampoen kakin-toenaken woelan wingking, ladjeng kawangsoelna dateng Administratie, moempoeng tanggal ném.

Anaing sanadjan sampoen makaten poenika, para lenggan meksa kedongan anggénipoen ngentosi wedaling Sw. Tm.; poenapa boten saé dipoen kerepi wedalipoen? Oepami kaping kalih? Arta lenggan ladeng pinter? Njenjadang serat-serat.

ADMINISTRATIE.

ANGEN-ANGEN MRAJANG.

Jén mbikak Geschiekundig gedeelte karanganipoen Pt. H.H. Moreu H.O. Semarang, tijtakan taoen 1897 katja 12, larikan 2 saking nginggil, pinanggih angka taoen 1610 lan tetemboengan; Pieter Both de eerst Gouverneur - Generaal van Nederl. Oost-Indië.

Wah, doemoegi sapriki kok sampoen pinter taoen mangga nampéjan péting pijambak, tigang abad langkoeng.

Wekdal sapriki lan sapriki poenika wonten lelampahan, kadadosan oetawi kaindakan saha kamadjengan poenapa? poenika poen goblog legog-legog oetawi delog-delog boten ngretos, poen gebleg boten denger, poen soengkan boten naté mikir, poen soetik tassah udelik ingkang kangié waton: djirih isih, kendel kapetel.

Poenika poen panjerat oegi matoek oerler leres trapipoen. Djirih dateng poenapa, kendel ingkang kados-poendi.

Jén djirih oetawi adjrih boten poeroen dateng maksijatan; tjoetjog. Jén kendel andloea, boten nalar, nasar, babé namoeng ndjloomprong-aken, oetawi ndjroengopaken, danel pitoenaning anak poetoe oetawi gesang bebrajatan, mesti poen pajerit boten matoek sakedik-kedika.

Kendel dateng ingaler, maton, nalar, nedya saged damel waloeja, rahajoe koentjaraning bangsa, poenika ingkang dipoenadjeng-adjeng para ingkang sami ngidep íng boedi rahajoe.

Dados, jén wonten wenéhing tijang ngaken pinter, kendel, anoenoentoen dateng sasami oetawi mamarahi ingkang kawoesananipoen ndados-aken tjlilaka sangsara toer boten namoeng sabadan kémawon, poenika namanipoen pinter geblinger, kendel ngawoer, boten ngambah margi leres, ingkang andjog dateng ing ke-doeng katentremen. Boten kendel, nanging koemendel namanipoen lan koeminter.

Pantjénipoen, jén njata nijat andjendoeng lan moeljakken dateng bangsa, damel oetawi nggaioeh dateng tata tentrem, kreta rahardjanaing tanah, loehoer, gemah ripah loh djinawi, mboedidajaa kanti manah eneng ening soetji, datan njimpang saking mala boeka antjasing sedya ajoe, sampoen namoeng kada-mel topeng kémawon.

Tata tentreming pradja boten srana mimis, bedil, bom lan sapoenggilanipoen, nanging srana mawi dedasar boedi saréh, sabar, tlatos, boten moerang tata, nerak sarak-anger. Langkoeng oetamining-oetami kinanténan angibada, soeménding PANGERAN lan njoenjoewen sib pitoeloenganipoen sageda kabool; boten tindak roda pari paksa, alam-pah danawa, nanging mawi boedi satrja. Péda poenana ngrangsang ngrangsang kedjoerang, daja-daja meksa ning toemekéng nista, nandang papa tjintra. Rindik ipijk, glijak-glijak saged njandak, alon-ajon klakon, samadyanang tembéwo eri saged damel begdja lan moelja karaosaken ing para bangsa poenika langkoeng pigoena, tanda poenika djan njata satrja oetama, sing pan-tes ingalembana; mangkana toetoeré wong toewa-toewa kung ambek oetama. Tata titi tindaking para satrja.

Ki dalang
DARMAWITJARA.

V A R I A.

KABAR SAKING MERAPI!

Pamoelangan doesoen particulier kados-poendi?

Poenika pitakénanipoen tijang, toemoedjoe dateng kawontenan ing Magelang. Ingrika nalaripoen wonten oesoel saking wakiling sad. goeroe doesoen, ingkang wosipoen njoewoen dateng ingkang wadib, soepados kalilana nampi Kedjawèn, déné jatra aboné katangela ing kas doesoene.

Panjoeweno waoe kapareng, malah ingkang Residén pijambak kersa paring tanda kabingahan dateng

22 - 7 - 30.

A. D. S.

22 - 7 - 30.

A. D. S.